


KOMINVIYON

RAPÒ ENPAK 2025 LIDÈCHIP KOLEKTIF MAVEN NAN



CHAPIT 4. ESÈ 1

Ki jan sa ka bon

Sara Gedeon (li)

Direktriz Enpak Sosyal

Corey Davis (li|yo)

Estratejis nan Chanjman Kiltirèl ak

Pwodiktè Kreyatif

Maven Arsimmer McCoy (li)

Atis Miltidisciplinè

Maven Kunya Rowley (li)

Fondatè & Direktè Atistik

maven.

Maven Leadership Collective

Ki Jan Sa Ka Bon
Maven Arsimmer
McCoy Maven Kunya
Rowley Sara Gedeon
Corey Davis
KOMINYON 2025 Rapò Enpak Maven
Chapit 4 | Esè 1

Maven Arsimmer McCoy ([00:02](#)):

Kòd vokal ou, tankou fil ki fè kòd vokal ou yo. Tout sa ki pa sonnen tankou yon pwatrin wouj vif ak jad ... Mwen dezole. Ban m yon segond. Pwatrin wouj vif la ... Mèd. Pwatrin wouj vif la ak jad kòk la. Pwatrin wouj vif la ak jad kòk la. Yon lòt fwa. Mwen konprann.

Maven Kunya Rowley ([00:25](#)):

Li trè ra pou nou konsantre sou pwosesis pou nou fè sa n ap fè a. Nou toujou ap eseye jis pou nou rive nan fen an, espesyalman antan ke yon pwodiksyon ki pa gen gwo mwayen. Nou toujou ap eseye jis pou nou rive na fen travay la, fè bagay la fèt, konplete sibvansyon an, fè sa ki gen pou fèt pou n ka avanse.

Corey Davis ([00:42](#)):

Kijan sa ta ye pou n modle yon espas kote moun ta ka swiv fil yon lide nenpòt kote li ta mennen yo, epi kèlkeswa rezilta a ta ye, nou tap aksepte l. Atis yo ofri nou yon kado akoz nati iteratif travay yo. Kidonk si nou tout te yon ti kras pi alèz pou n di, "Sa ka amelyore. Se premye etap la, men nou pral poli l, rafine l, nou pral fè l vin pi bon." Mwen panse nou tout ta ka aprann yon bagay, nan kèlkeswa domèn nou ye a.

Sara Gedeon ([01:33](#)):

Mwen te antre konplètman tankou yon egare, Mwen t ap mande m "Kisa nou dwe fè a ? Nou dwe fè bagay sa a. Kisa sa a vle di ? Dakò" Men apre sa, lespri m te vin ouvri byen gran ofiamezi ke n t ap fè konvèsasyon nou yo. Mwen te tankou, "Waw, mwen kwè ke se sa m te bezwen depi premye jou a." Avèk yon òganizasyon tankou

pa nou an ki fonksyone anpil tankou yon start-up, mezi enpak la ban m yon bon zouti debaz ak yon bon pwèn depa. Etap ki montre nou kijan pou n avanse yo te tèlman enpòtan pou mwen e definitivman pou òganizasyon nou an tou. Kijan nou ka rive nan yon pwèn kote nou di, "Dakò, men sitiyasyon aktyèl nou. Li pap mache e nou vle konnen kijan nou ka fè l vin pi bon, pou nou ka gen yon pi bon konpreyansyon sou sa enpak nou vrèman ye, kit se sou òganizasyon an oswa sou manm kominote nou sèvi yo." Bati kapasite ak bati, mwen panse, yon kilti alantou bagay sa yo ap rann li pi dirab.

Sara Gedeon ([02:26](#)):

Si nou entegre bagay sa yo nan lavi chak jou nou, l ap vin tounen pwosesis nou. Se pwosesis nou. Mwen konnen mwen pral avè yo nenpòt kote m twouve m, nenpòt kote mwen ale. Mwen te deja pataje l ak òganizasyon patnè nou yo tou, epi n ap chèche non sèlman kijan pou nou mete l an pratik pou tèt nou, men tou pou n asire n ke moun nou nan kominote ak yo an genyen l tou.

Se sa ki rele kominote. Se sa ki tout esans li. Mwen pa ka di ase sou enpòtans konsèy Maven ak Corey yo.

Corey Davis ([02:55](#)):

Mwen te vle kapab modle konpòtman sa a, ankouraje li, epi espere fè lòt moun kwè ke se sa ki chemen pou nou swiv la pou ale pi devan, epi pou moun yo ka al repwodui menm kalite espas sa yo ki favorab pou refleksyon, kreyativite, kolaborasyon, ranfòsman kominotè, ak yon sans de appartenans.

Maven Arsimmer McCoy ([03:35](#)):

Yon lòt fwa ankò. Se sa li ye. Chak maten, ou dwe rann omaj ak tout tout jaden yo. A tout jadinnye ki konsistan yo, k ap travay pou tèt yo ak pou lòt moun, remèsye jaden ki bay nesans ak lòt jaden. Yo menm tou yo te kwè nan pouvwa panse a. Nan kapasite l pou l brase tè a ak ti vè yo pou flè solèy yo ka parèt. Sistèm kwayans ou ta dwe baze sou detèminasyon, lagras, ak odas. Se konsa jaden yo grandi malgre sezon difisil yo epi yo toujou ka bay fwi sezon lete yo. Repete rityèl la jiskaske premye fèy piman dous la fleri. Jouk jou sa a, sonje, li deja fèt. Pouvwa panse w yo te deja reyalize l.